

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Tina hasil data *pretest* siswa dina pangajaran maca dongéng, tétéla siswa dina pangajaran maca dongéng can mampuh pikeun ngahontal Kriteria Ketuntasan Minimal. Katitén yén kamampuh siswa masih kénéh handap. Tina jumlah 30 urang siswa, anu geus mampuh maca dongéng nyaéta ukur 3 urang siswa. Kaitung 10 % geus mampuh dina maca dongéng, sedengkeun 90% siswa atawa 27 siswa dianggap can mampuh dina pangajaran maca dongéng.

Sabada dilarapkeun métode *dramatic reading*, peunteunna ngaronjar tur perséntasi ketuntasanna gé ngaronjat jadi 100%. Tétéla métode *dramatic reading* dina pangajaran maca dongéng siswa kelas X-8 MAN Awipari Kota Tasikmalaya dina taun ajaran 2013/2014 téh bisa mangaruhan kana kamampuh diajar siswa dina maca dongéng. Ieu hal dijieuun kacindekan tina hasil ngitung uji sifat data (uji normalitas, pikeun nangtukeun normal atawa henteuna data anu geus katarima jeung uji homogénitas pikeun nguji homogén henteuna data), satulunya uji gain pikeun nangtukeun éfektifitasna.

Tina hasil ngitung uji sifat data *pretest* jeung *posttest* siswa dina pangajaran maca dongéng, tétéla datana téh normal jeung homogén. Dumasar hasil ngitung uji normalitas dina tarap kapercayaan 99% tur derajat kabébasan 29, bisa diitung yén hasil prétés nyaéta $x^2 \text{ itung} \leq x^2 \text{ tabel}$ ($-95,65 \leq 9,21$), sedengkeun hasil postés nyaéta $x^2 \text{ itung} \leq x^2 \text{ tabel}$ ($-94,49 \leq 9,21$) tétéla distribusi data téh normal. Kitu ogé dina hasil uji homogénitas data *pretest* jeung *posttest* siswa dina maca dongéng, tétéla datana téh homogén lantaran dina tarap kapercayaan 99% jeung derajat kabébasan 29, katitén yén $f_{itung} \leq f_{tabé}$ ($1,02 \leq 8,02$).

Aya béda anu signifikan antara hasil data *pretest* jeung *posttest*. Ieu hal dumasar kana uji *gain* data. Dina *pretest* siswa rata-rata peunteunna nyaéta 63,9. Sabada dilarapkeun perlakuan métode *dramatic reading* peunteun rata-rata *posttest* ngaronjat jadi 82,36. Jadi rata-rata béda antara hasil *pretest* jeung *posttest*

dina pangajaran maca dongéng ngagunakeun métode *dramatic reading* di kelas X 8 MAN Awipari Kota Tasikmalaya nyaéta 18, 46.

Anu pamungkas nyaéta uji hiotésis. Dina tarap kapercayaan 99% kalawan darajat kabébasan 29, katitén yén $t_{itung} > t_{tabé}$ nyaéta 14,65 > 2,46. Hartina hipotésis dina ieu panalungtikan ditarima, tééla métode *dramatic reading* éfektif pikeun pangajaran maca dongéng siswa kelas X 8 MAN Awipari Kota Tasikmalaya taun ajaran 20013/2014

5.2 Rékoméndasi

Sabada dilaksanakeunna ieu panalungtikan, aya sababaraha rékoméndasi di antarana:

- 1) Métode *dramatic reading* téh geus kabuktian kaéféktifanana. Ku kituna, ieu métode disarankeun sangkan dijadikeun salahiji alternatif pikeun guru-guru dina ngajar maca.
- 2) Ieu métode *dramatic reading* téh munggaran ditalungtik, hususna di Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah Ku kituna, leuwih hadé aya panalungtikan anu leuwih jembar sangkan bisa nambahán paélmuan.
- 3) Guru hadéna apal kana warna maca. Tujuanana sangkan bisa diwanohkeun deui ka siswa, sabab lian ti maca ngilo, horéng kaparigelan maca bedas jeung maca pamahaman ogé kudu bisa kacangking ku siswa.
- 4) Siswa kudu leuwih resep maca kana téks basa Sunda, sangkan henteu loba kasalahan tur leuwih wanoh deui kana basa Sunda.